# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–26 दिसंबर 2024 भोजपुरी समाचार

सिख धर्म क दसवां गुरू गोविंद सिंह के चार साहिबजादन जोरावर सिंह,फतेह सिंह, अजीत सिंह अउर जुझार सिंह के बलिदान के याद करे बदे आजु पूरा देस बीर बाल दिवस मना रहल हौ। येह मौका पर राजधानी लखनऊ में आपन आवास पर आयोजित भइल एगो खास कार्यक्रम में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ चारों साहिबजादन के पुण्य स्मरण के नमन कइलें। उहां के कहलीं के आजु जब हम बांग्लादेस क घटना अउर पाकिस्तान के भीतर अत्याचार के बारे में सुनत हई त सिख गुरूअन के तियाग अउर बलिदान याद आवेला। जब हमनी के सिख गुरूअन के प्रेरणा से आगे बढ़िहे तब काबुल अउर बांग्लादेस भइले से बच सकिहें। ये मौका पर मुख्यमंत्री राष्ट्र सर्व प्रथम के भावना के अपनावे पर जोर दिहले।

***हर भारतवासी को चाहिए उसका एक धर्म है और वह है राष्ट्रधर्म देश सर्वोपरि है राष्ट्र सर्वोपरि है भले ही मेरा शीश, मेरे धड़ से अलग हो जाए। भारत का शीश नही झुकना चाहिए।***

वीर बाल दिवस के येह कार्यक्रम में उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य अउर ब्रजेश पाठक के सथहीं प्रदेस सरकार के कई गो मंत्री अउर सिख समाज के जानल मानल लोगि मौजूद रहले। बीर बाल दिवस पर प्रदेस के सज्जों गुरूद्वारन में कार्यक्रम आयोजित कई के गुरू गोविंद सिंह के साहिबजादन के याद कइल गइल।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी काल्हि नई दिल्ली से वर्चुअल जरिया से उत्तर प्रदेस के साथे दस राज्यन में स्वामित्व योजना मे तइयार कइल गइल घरौनी प्रापर्टी कार्ड बटिहे। एकर सोझै प्रसारण दूरदर्शन अउर बेबकास्ट के जरिया से जिला मुख्यालय पर कइल जाई। प्रधानमंत्री के ओर से  घरौनी वितरण क शुभारंभ के बाद मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ में अपने आवास पर लाभार्थियन के घरौनी प्रापर्टी कार्ड के खुदे बटिहे।

**********

अजोध्या के राम मंदिर में विराजमान रामलला के दर्शन बदे पहिली जनौरी से राम जी के भगतन के एक घंटा अउरियो बेसी समय मिलि जाइ। श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट नया साल, प्रयागराज महाकुंभ अउर राम मंदिर क प्रतिष्ठा द्वादशी के देखत दरसन कइले क समय बढ़ा दिहले क फैइसला कइले हवे। येह से सरधालुअन के भिन्नही सात बजे से रात दस बजे ले रामलला के दरसन मिली सकेलें।

**********

गोरखपुर से बेंगलुरू खातिर विमानन कंपनी इंडिगो क सोझै उड़ान सेवा पांच साल बाद एकतीस दिसंबर से फेर से सुरू होखे जा रहल हौ। अबले अकासा एयर लाइन क हवाई जहाजों गोरखपुर से बेंगलुरू खातिर रोजाना उड़ान भरेला। इंडिगो क जहाज दुपहरिया बाद दुइ बज के बीस मिनट पर बेगलुरू से उड़ि के संझा पांच बजे गोरखपुर एयरपोर्ट पहुंची। येहवा से ई जहाज संझा साढ़े पांच बजे उड़ि के राति आठ बज के बीस मिनट पर बेंगलुरू पहुंची।

**********

शिक्षा का अधिकार अधिनियम में गोरखपुर सहर क पराइवेट स्कूलन में दाखिला बदे पहिला फेरा में लाटरी के जरिया से एक हजार नौ सौ छप्पन लइकन लोगि चुनल गइल हौ। येह लइकन के पाइवेट स्कूलन में मुफ्त सिक्षा दिहल जाइ। सिक्षा अधिकारी रमेन्द्र सिंह बतउलें कि जवन अभ्यर्थियन क चयन नाही हो पावल है। ऊ अगिला तीनि फेरा में आवेदन कइ सकेलें।

**********

कुशीनगर जिला में जिला सेवायोजन कार्यालय अउर मॉडल करियर सेंटर क एगो संयुक्त तत्वावधान में तीस दिसंबर के साखोपार में एक दिन क वृहद रोजिगार मेला क आयोजन कइल जाइ। जिला सेवायोजन अधिकारी संजय कुमार बतउलें कि रोजिगार मेला में हाईस्कूल, इंटरमीडिएट, स्नातक अउर आईटीआई पास अट्ठारह से पैंतीस बरस आयुवर्ग क अभ्यर्थियन क चयन कई गो कंपनियन के ओरि से कइल जाइ।

**********

प्रयागराज के महाकुंभ मेला में आजु श्रीपंच अग्नि अखाडा क छावनी प्रवेश यानी पेशवाई क प्रक्रिया भइल। येह दौरान अखाड़ा से जुड़ल कई गो राज्य क करीब एक हजार साधु संत महाकुंभ मेला में आवे बदे निकरले। श्रीपंच अग्नि अखाड़े क पेशवाई में लोगि फूल बरसा के साधु अउर संनतन क स्वागत कइले।

**********

पूर्वी उत्तर प्रदेस में आजु मध्यम कुहेसा के बिच्चे मौसम सूखा रहल। मौसम विभाग अगिला दुइ दिन्न ले राज्य के पूर्वी जिलन के कुच्छु हिस्सा में गरज चमक के साथे छिटा परले क आगम जतवले हवे।

**********